लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# सूघर मूर्ख राजा

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest; Alastair Paterson

अनुकूलित: Lyn Doerksen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

शमूएल, इजरायल क न्यायी अउर अगुआ अब बूढ़ हो गइलन। उ परमेश्वर की सेवा में उनकर जगह लेबे की खातिर अउर इस्राएल क न्यायी बने खातिर अपनी लइकन के



नियुक्ति कइलन।

लेकिन शमूएल क बेटा दुष्ट रहलन सअ। उ पइसा से पीयार करत अउर बेईमानी से पइसा कमाये की खातिर अपनी शक्ति क इस्तेमाल कइलन सअ।



इस्राएल की लोगन के उनकरी लइकन की दुष्टता की कारन बहुत कष्ट उठावे के पड़ल।



लोगन के जेतनी बार मदद क जरूरत होखे ओतनी बार शमूएल की लइकन के भुगतान करे के पड़े।



कुछ तअ करे के पड़ी। एक दिन, इस्राएल के बुजुर्ग लोग एक संगे इकठ्ठा होके शमूएल से मदद क गुहार लगवलें।



"हमनी के न्याय करे की खातिर एगो राजा देइं," बुजुर्ग लोग मांग कइलें। उ शमूएल की दुष्ट लइकन के उनकर न्याय करे देवल ना चाहत रहलें। आसपास के सब देशन की तरह, उ लोग भी एगो राजा चाहत रहलें।



शमूएल बहुत नाराज भइलन।
इस्राएल की पास पहिले से ही एगो राजा रहल! सर्वशक्तिमान, परमेश्वर, सर्वदा से एक मात्र प्रभु, जे इस्राएल पर राज करत रहे।
कुछ समय पहिले उ उन लोगन के मिस्र की गुलामी से मुक्त कइले रहलें। अउर उन लोगन के बचावे की खातिर लाल समुद्र के दू भाग में कर दिहले रहलन।



तब उ
इस्राएल के
उनकर सुंदर देश
के दे दिहलन।

जब शमूएल प्रार्थना कइलन, प्रभु कहलन, "उ तोहके ना ही बल्कि हमके अस्वीकार किइले बाड़न ताकि हम उन पर राज्य ना करीं।



उ अन्य देवता क सेवा कइले बाने। उनकीरी पुकार पर ध्यान देईं अउर ओ लोग की खातिर एगो राजा चुन देइं।"





परमेश्वर ओ लोगन
के चेतावनी देबे की
खातिर शमूएल
से कहलन कि;
उनकर सांसारिक
राजा उनसे कर
की रूप में पइसा
वसूलीहन, ...



... अपनी सर्वश्रेष्ठ खेतन में अउर दाख की बारीन की खातिर उनकर मदद लीहन; ...



... अपनी सेना में उनकरी लड़कन के आदेश दिहन; अउर उनकी बेटिन के काम करे खातिर आदेश जारी करीहन।




लेकिन लोग कइसे भी एगो राजा चाहत रहलें।



परमेश्वर शमूएल के एगो, बहुत सुंदर युवक की पास ले गइलें; उ बहुत शर्मीला, अउर बहुत लंबा - सब लोगन में सबसे लम्बा रहलन। उनकर नाम शाऊल रहे।


जब शमूएल
शाऊल के
देखलन, प्रभु
कहलन, "ई
हमरी लोगन
पर राज करी।"

आज्ञाकारीता से, शमूएल शाऊल के इस्राएल क राजा की रूप में अभिषेक कइलन। जब उ इस्राएल की लोगन की सामने शाऊल के प्रस्तुत कइलन, उ लोग चिल्लइलन, "राजा चिरंजीव रहे!"



जल्दी ही राजा शाऊल क परीक्षा भइल। अम्मोनी लोग जे सब इस्राएल से नफरत करत रहलन।



इस्राएल की एगो शहर के घेर लिहलन अउर हर आदमी क दहिना आंख बाहर निकलला क धमकी दिहलें। का ही क्रूर योजना रहल!



खतरा क समाचार राजा शाऊल तक पहुंचल। उ अपनी सेना की संगे तैयार हो गइलन।





जब दूनो सेना आमने सामने मिलल तब शाऊल अम्मोनियन के नष्ट कर शहर के बचा लिहलें। राजा शाऊल परमेश्वर के महिमा दिहलें "आज इस्राएल में परमेश्वर उद्‍धार के पूरा कइलन हअ!"

परमेश्वर ओ दिन शाऊल के एगो महान जीत दिहलन। परन्तु शाऊल परमेश्वर के हमेशा सम्मान ना दिहलन। एक दिन, पलिश्तियन से लड़ला से पहिले, शाऊल परमेश्वर खातिर एगो बलिदान चढ़वलन।



उनके मालूम रहल की ई शमूएल क काम हअ। उ ईहो जनत रहलन कि परमेश्वर चाहत बाड़न की जब तक शमूएल न आवें उ उनकर इंतजार करें। लेकिन शाऊल परमेश्वर क बात ना मनलें!



जब शमूएल पहुंचलन, उ शाऊल से कहलन "तू मूर्खता क काम कइले बड़अ" ...



... तू अपनी परमेश्वर यहोवा की आज्ञा के ना मानलअ हअ। "अब तोहार राज्य हमेशा खातिर ना रही।"



शाऊल ई सोचले होइहन कि ई एगो छोट पाप रहे। परन्तु परमेश्वर की आज्ञा क उलंघन सदा गंभीर होला।



एगो दूसरा समय पर,
परमेश्वर अमालेक की
दुष्ट लोगन के नष्ट
करे की खातिर



शाऊल के
आदेश
दिहलन।
लेकिन शाऊल
अउर लोगन
की साथे ...

... अमालेक की राजा आगाग़ के जीवित रहे दिहलन। उ लोग कीमती चीझन,



भेड़ अउर बैल के भी रख लिहलें। शाऊल बतवलें की ई सब यहोवा बदे बलिदान खातिर रखल बा।



शमूएल शाऊल के बतवलें कि
आज्ञाकारिता बलिदान
चढ़वला से उत्तम हअ। तूं
परमेश्वर की आदेशन क
त्याग कइले बाड़अ; ए
खातिर अब यहोवा तोहके
इस्राएल पर राजा
रहला से त्याग
दिहले बाड़न।



"शाऊल अपनी पापन की खातिर बहुत खेदित रहलें। लेकिन अब बहुत देर हो चुकल रहे। यहोवा की आज्ञा क पालन ना कइला की कारन जीवन क बाकी समय में उ बहुत दुखी रहलन।

# सूघर मूर्ख राजा

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

1 शमूएल 8-16

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16